

Cerita Rakyat Bahasa Jawa

Candi Prambanan



Candi Prambanan



Ing jaman biyen ana kerajaan gedhe sing jenenge Prambanan. Rakyat Prambanan iku ayem lan tentrem sing dipimpin karo Prabu Baka.

Nanging kerajaan Prambanan diserang karo kerajaan Pengging. Prabu Baka lan pasukane kalah amarga kurang persiapane. Prabu Baka lan pasukane mati amarga kena karo senjatane Bandung Bandowoso. Kerajaan Pengging lan pasukane seneng amarga isok naklukno kerajaan Prambanan.

Pada wektu Bandung Bandowoso ing kerajaan Prambanan, deweke ndelok putri sing ayu banget. Putri iku jenenge Roro Jonggrang, putri Prabu Baka. Langsung Bandung Bandowoso nglamar Roro Jonggrang.

"Roro Jonggrang, apa awakmu gelem dadi permaisuriku?" Jare Bandung Bandowoso.

Roro Jonggrang nanggapi pertanyaane Bandung Bandowoso

"Aku gelem dadi permaisurimu, tapi ana syarate."

"Apa iku syarate?" Jare Bandung Bandowoso.

"Gawekno aku 1000 candi tapi wektune sakwengi!" Jare Roro Jonggrang.

Ing bengi, Bandung Bandowoso ngumpulno anak buahe yaiku jin lan setan. Sawise ngerungokno perintah Bandung Bandowoso, jin lan setan langsung nggarap sing diperintaake karo Bandung Bandowoso. Roro Jonggrang ndelengi pekerjaane Bandung Bandowoso. Roro Jonggrang wedi kalo Bandung Bandowoso iso nggarap permintaake dewe. Roro Jonggrang langsung ngumpulno dayang-dayange.

Roro Jonggrang mau ngongkon dayange mbakar jerami, munikno lesung lan naburno bunga sing wangi. Jin lan setan mau wedi lan disangkakno wis esok. Jin lan setan langsung mbalek. Asline candine iku wis ana 999, tapi kurang 1.

Bandung Bandowoso mangkel nang Roro Jonggrang amarga wis mbujuk deweke. Langsung Bandung Bandowoso ngesabda Roro Jonggrang dadi patung lan ngganepi 1000 candi.

- **Sapa Jenenge Raja Sing Mimpin Kerajaan Prambanan?**
- **Apa sebab kerajaan Prambanan kalah perang nglawan kerajaan Pengging?**
- **Siapa nama Prabu Baka?**
- **Apa alasan Bandung Bandowoso mengagungkan Roro Jonggrang?**
- **Apa syarat sing diwenehake Roro Jonggrang marang Bandung Bandowoso?**
- **Sopo wae nyanyi mbantu Bandung Bandowoso nggawe candi?**
- **Apa sing dilakoni Roro Jonggrang supaya Bandung Bandowoso gagal ngrampungake 1000 candi?**
- **Pira jumlah candi sing wis kasil digawe nalika jin lan setan lunga?**
- **Kenapa jin lan setan mandheg nyambut gawe lan lunga?**
- **Apa yang menyanyikan kedadian marang Roro Jonggrang dalam pungkasan cerita?**